दिन–शुक्र दिनांक–20.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्लीक सेवा तीर्थ मे एआई आ डीपटेक स्टार्टअप के मुख्य कार्यकारी अधिकारी लोकनिक संग एक बैसक कयलनि। एहि दरमियान प्रधानमंत्री कृषि, पर्यावरण संरक्षण आ मातृभाषा मे उच्च शिक्षा के बढ़ावा देब एहेन विभिन्न क्षेत्र मे एआई तकनीक के उपयोगक संभावना सभ पर चर्चा कयलनि। श्री मोदी अंतरिक्ष क्षेत्र मे निजी भागीदारी बढ़ेबाक बात सेहो कहलनि आ भारतीय स्टार्टअप मे निवेशक सभ के मजगूत रूचिक चर्च कयलनि। गोलमेज बैसकक दरमियान सोलह एआई आइ डीपटेक स्टार्टअप के सीईओ आ संस्थापक लोकनि अपन विचार आ कार्य प्रस्तुत कयलनि। ई स्टार्टअप स्वास्थ्य सेवा, कृषि, साइबर सुरक्षा, अंतरिक्ष आ सामाजिक सशक्तिकरण एहेन विविध क्षेत्र मे व्यापक जन मानस पर प्रभाव डालबाक लेल काज कऽ रहल अछि।

---

पटना उच्च न्यायालय के बिहार विधानसभाक अट्ठाईस विधायक कँ मामिला मे चुनावक दरमियान अनियमितता के लऽकऽ सुनवाई चलि रहल अछि। एहि मध्य विधानसभा अध्यक्ष कार्यालय के एहि संबंध मे कोनो नोटिस प्राप्त नहि भेल अछि। आकाशवाणी समाचारक संग गपशप मे विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार एकर पुष्टि कयलनि अछि। ओ कहलनि जे नोटिस भेटवा पर कानूनी सलाह लेल जायत ओकर बाद प्रतिक्रिया देब उचित रहत।

---

विधान परिषद मे नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवी राज्य मे दुष्कर्मक बढ़ैत घटना पर सरकार के घेरैत कहलनि जे एहि पर कोनो ठोस डेग नहिं उठाओल जा रहल अछि। सरकारक दिस सँ उत्तर दैत शिक्षामंत्री सुनील कुमार कहलनि जे सरकारक नीति आ नियत दुनू साफ अछि। ओ कहलनि जे महिला आ कन्या सभक सुरक्षा सरकारक प्राथमिकता अछि।

---

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि जे आईजीआईएमएस मे स्वास्थ्य सुविधाक विस्तारक अंतर्गत शीघ्रहि दू हजार चारि सय नओ बेड जोड़ल जायत। एहि सँ मरीज सभ के नीक इलाज आ बेसी सुविधा भेट सकत। श्री पांडेय विधानसभाक बजट सत्रक दरमियान स्वास्थ्य सुविधा सभ पर बहसक उत्तर दैत ई जनतब देलनि। ओ जदयूक विधायक आदित्य कुमारक दिस सँ आईजीआईएमएस मे विधायक लोकनिक लेल विशेष कोटाक मांग पर कहलनि जे अस्पताल मे बेड खाली होयबा पर मरीज सभ के भर्ती कयल जा सकैत अछि। ओ स्पष्ट कयलनि जे सरकार विधायक सभक मांग के प्राथमिकताक आधार पर पूरा कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

विशेष निगरानी इकाई किशनगंजक ठाकुरगंज मे पदस्थापित जिला कार्यक्रम पदाधिकारी अनीता कुमारी के पचास हजार टाकाक घूस लैत मौके पर गिरफ्तार कयलक अछि। आरोपी डीपीओ एक लाभुक सँ काज संबंधित फाइल के आगां बढ़ेबाक लेल घूसक मांग कयने छल। इकाईक टीम अनीता कुमारीक आवास पर सेहो तलाशी कयलक अछि।

———————————————————————————

पटना, भागलपुर, पश्चिम चंपारण आ कटिहार जिला मे बर्ड फ्लूक पुष्टि भेल अछि। डेयरी मत्स्य आ पशु संसाधन विभागक अनुसार एहि जिला सभ मे पछिला दिन पैघ संख्या मे कौआ मृत पाओल गेल छल। मृत कौआ सभक नमूनाक जाँच मे बर्ड फ्लूक पुष्टि भेल। विभाग जनौलनि जे एखन मात्र कौआ सभ मे संक्रमण भेटल अछि। पॉल्ट्री मे एखन धरि संक्रमणक सूचना नहि अछि। एम्हर, बर्ड फ्लू के देखैत प्रभावी क्षेत्र मे दवाईक छिड़काव कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक नक्सल प्रभावित रहल जिला सभ मे एक हजार आठ सय चौदह किलोमीटर सड़कक निर्माण कयल गेल अछि। माओवाद प्रभावित क्षेत्र सभ मे रोड कनेक्टिविटी के लऽकऽ केन्द्र सरकार द्वारा आयोजित उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक मे पथ निर्माणक सचिव पंकज कुमार पाल ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे औरंगाबाद, गया, रोहतास, नवादा,

मुजफ्फरपुर, जमुई, बांका आ लखीसराय जिला मे एहि सड़क सभक निर्माण कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

प्रदेशक मुख्य पोस्ट मास्टर जनरल एमयू अब्दाली कहलनि जे राज्य मे डाक सेवा के बेसी सशक्त, प्रभावी आ जन उपयोगी बनाओल जा रहल अछि। श्री अब्दाली आइ औरंगाबाद मे कहलनि जे आब डाकघर सेहो तकनीकक मामिला मे कोनो राष्ट्रीयकृत बैंक सँ पाछां नहि अछि।

———————————————————————————————

शिवहर के कृषि भवन परिसर मे दू दिवसीय जिला स्तरीय किसान मेला सह प्रदर्शनीक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————————

समाप्त भेल